

9

novanm

Nan tout tèt chaje yo. Se pat yon moun ni yon zanj Li te voye fè travay la pou Li. Se Li menm menm ki te vin delivre yo. Ezayi 63. 9

Paske mwenm menm, mwen se Senyè a, Bondye nou an... Nou pa bezwen pè anyen. Mwen la avèk nou. Ezayi 43. 3, 5

Mwen pap janm sèl

Alis tèlman dekouraje, li ekri pi bon zanmi l nan pou li eksplike l tout chagren li yo. Men li pa voye l, li ranje l nan yon tiwa. Kèk semèn aprè, li reli lèt sa ki reveye doulè l. Li chire lèt sa a fè ti moso e jete l nan veso ki te gen dlo sou tab la. Tout mo ki te eksprime chagren l yo te efase. Poutan, ekriti li te rete nan youn nan ti bout papye yo. Li te retire li avèk prekasyon, e li l, yon sèl mo te rete : *Bondye*.

Wi, Bondye pa t kite li sèl. Bondye la. Li reprann fòs lèl santi prezans li espesyalman nan moman sa.

Bondye pa janm abandone pitit li yo. Lè yo te voye twa jèn Ebre yo nan founèz la, paske yo p at vle renye non Bondye, yon katriyèm moun ki sanble ak pitit Bondye te kanpe bò kote yo, Bondye toujou prezan nan soufrans pitit li yo (Danyèl 3. 25).

Menmjan, lè yo te jete Danyèl nan twou lyon an, Bondye te voye zanj li vin fèmen bouch lyon yo (Danyèl 6. 22).

Nan yon ti prizon nan vil Wòm, lannwit avan yo touye apot Pòl, li te ekri Timote : “Tout moun kite m poukont mwen... Men, Senyè a te kanpe la avè m” (2 Timote 4. 16, 17).

Ala yon Bondye nou genyen ! Nan tout sikontans nan lavi nou, si nou mete konfyans nou nan Li, Li di nou : “Mwen va pran men ou, e m va pwoteje ou” (Ezayi 42. 6).

9

novembre

Dans toutes leurs détresses, il (*Dieu*) a été en détresse..., et il les a portés. Ésaïe 63. 9

Moi, je suis l'Éternel, ton Dieu... Ne crains pas, car je suis avec toi. Ésaïe 43. 3, 5

Jamais seul

Découragée, Alice a écrit une longue lettre à sa meilleure amie pour lui raconter tout son chagrin. Mais elle ne l'envoie pas, et la range dans un tiroir. Quelques semaines plus tard, elle relit sa lettre qui ne fait que raviver sa douleur. Elle la déchire en mille morceaux et la jette dans un vase plein d'eau sur la table. Tous les mots qui exprimaient son désespoir se sont effacés. Pourtant, un petit bout de papier a gardé son écriture. Soigneusement elle le retire et le lit, un seul mot est conservé : *Dieu*.

Oui, Dieu ne l'a pas abandonnée. Dieu est là. Elle reprend courage en éprouvant sa présence à ce moment particulier de sa vie.

Dieu n'abandonne jamais les siens. Quand les trois jeunes Hébreux, captifs à Babylone, ont été jetés dans la fournaise parce qu'ils n'avaient pas voulu renier leur Dieu, un quatrième homme semblable à un fils de Dieu se tenait près d'eux, présence divine dans la souffrance (Daniel 3. 25).

De même, quand Daniel a été jeté dans la fosse aux lions, Dieu a envoyé un ange pour fermer la gueule des fauves (Daniel 6. 22).

Dans un cachot d'une prison de Rome, à la veille de son exécution, l'apôtre Paul écrivait à Timothée : "Tous m'ont abandonné... Mais le Seigneur s'est tenu près de moi" (2 Timothée 4. 16, 17).

Quel Dieu que notre Dieu ! Dans toutes les circonstances de notre vie, si nous nous confions en lui, il nous dit : "Je tiendrai ta main ; et je te garderai" (Ésaïe 42. 6).